

BAB V

PANUTUP

5.1 Kacindekan

Kasang tukang dina panalungtikan anu judulna “Konflik Batin Palaku Utama dina Roman *Dedeh Karya Yus Rusamsi* (Ulikan Struktural jeung Psikologi Humanistik)” nyaéta lantaran ayana pasualan-pasualan anu karandapan ku Dedeh salaku palaku utama, anu ngabalukarkeun konflik dina batinna. Analisis konflik batin aya patalina jeung struktur tina eusi carita. Ku kituna tujuan ieu panalungtikan téh pikeun nganalisis struktur carita ngagunakeun tiori Robert Stanton (téma, fakta carita, jeung sarana sastra), sarta nganalisis konflik batin palaku utama dumasar kana pamarekan psikologi humanistik Abraham Maslow (pangabutuh fisiologis, pangabutuh kana rasa aman, pangabutuh kana cinta (mibanda jeung dipibanda), pangabutuh kana pangajén, jeung pangabutuh kana aktualisasi diri). Méthode anu digunakeun pikeun ieu panalungtikan nyaéta déskriptif analitik kalawan téhnik studi pustaka.

Struktur carita nu aya dina ieu roman téh nyaéta téma, fakta carita (galur, palaku, jeung latar), sarana sastra (judul, puseur implengan, jeung gaya basa). **Téma** nu aya dina ieu roman téh nyaéta kahirupan sosial ngeunaan prasangka-prasangka kaleuleuwihi anu ngabalukarkeun konflik batin dina hirupna. Éta téma dicindekkeun sabada maluruh pasualan-pasualan anu dianalisis saméméhna. Dina nyanghareupan hiji hal anu teu saluyu jeung kahayang Dedeh, pasti ahirna ditambahan ku prasangka-prasangka anu kaleuleuwihi, anu antukna jadi konflik dina batinna.

Galur nu digunakeun dina ieu roman nyaéta mobok tengah, katitén dina surat nu ditepikeun ku Dedeh ka Mimi, surat nu ditepikeun téh jadi ciri galurna mundur lantaran eusi tina surat téh nyaritakeun kaayaan nu geus karandapan ku Dedeh. **Palaku** nu kapaluruh dina ieu roman aya 50, tapi anu paling réa kacaritakeun nyaéta Dedeh, Maman, Ibu, Apa, Uwa Upi, Mimi, Koko, jeung Pa Andjar. Palaku utama dina ieu roman nyaéta Dedeh. **Latar** nu aya dina ieu roman dibagi jadi tilu, nyaéta latar tempat, waktu, jeung sosial. Aya 72 latar tempat dina

ieu roman, pangarang sacara écés nepikeun latar tempat nu aya dina ieu roman, tempat cicing (imah), ngaran daérah, dina kandaraan, tempat wisata, jeung tempat umum. Latar waktu nu aya dina ieu roman aya 47, pangarang sacara écés nepikeun waktu lumangsungna carita, ti mimiti jam, poé, saminggu, sabulan, sataun, nuduhkeun waktu nu tangtu kayaning jaman perang ngalawan Walanda, jeung réa-réa deui. Latar sosial nu aya dina ieu roman aya opat anu diwincik jadi status sosial, basa nu digunakeun, lingkungan (hubungan papada masarakat), jeung kayakinan (agama).

Judul ieu roman nyaéta *Dedeh*, judulna téh saluyu jeung ngaran palaku utama, nyaéta Dedeh. Sabab ieu roman nyaritakeun kahirupan Dedeh, runtuyan caritana ogé miboga patali anu raket jeung Dedeh salaku palaku utama. **Puseur implengan** nu digunakeun ku pangarang dina nepikeun carita téh nyaéta jalma katilu tan wates lantaran pangarang mosisikeun dirina kana palaku-palaku nu aya dina carita, sarta jalma kahiji lantaran dina nepikeun runtuyan kajadian nu ditepikeun ngaliwatan surat eusina mangrupa kajadian-kajadian nu geus karandapan ku Dedeh. **Gaya basa** anu kapanggih dina ieu roman nyaéta gaya basa kadalon, lalandian, rarahulan, ngumpamakeun, raguman, ngasor, sindir, rautan, jeung mijalma.

Konflik batin nu karandapan ku Dedeh salaku palaku utama dina roman *Dedeh* téh mangaruhan kana kaputusan-kaputusan nu dicokot dina hirupna. Konflik batin nu karandapan ku Dedeh dianalisis dumasar pamarekan psikologi humanistik Abraham Maslow. Aya lima tingkatan pangabutuh dasar manusa nu ditepikeun ku Abraham Maslow, nyaéta pangabutuh fisiologis, pangabutuh kana rasa aman, pangabutuh kana cinta (mibanda jeung dipibanda), pangabutuh kana pangajén, jeung pangabutuh kana aktualisasi diri. Katitén konflik nu karandapan ku Dedeh téh silih pangaruhan antara hiji pangabutuh jeung pangabutuh séjénna. Dina ieu roman pangabutuh kana cinta (mibanda jeung dipibanda) nu paling loba ngabalukarkeun Dedeh ngarandapan konflik batin. Lantaran aya opat lalaki nyaéta Koko, Pa Andjar, Husen, jeung Maman anu kungsi boga hubungan jeung Dedeh. Tapi dina ngajalankeun hubunganna téh aya sawatara masalah anu ngabalukarkeun

Dedeh mikiran prasangka anu kaleuleuwihi, antukna Dedeh ngarandapan konflik dina batinna.

Dumasar kana pedaran saméméhna, bisa dicindekkeun yén struktur carita nu aya dina roman *Dedeh* karya Yus Rusamsi kawilang lengkep, sarta unggal unsur dina struktur carita silih pangaruhan pikeun kamekaran caritana. Konflik batin nu karandapan ku palaku utama téh dibalukarkeun ku can bisa nyumponan lima tingkatan pangabutuh dasar manusa.

5.2 Rékomendasi

Dumasar kana hasil anu kapaluruh dina ieu panalungtikan ngeunaan struktur carita sarta konflik batin nu karandapan ku palaku utama dina roman *Dedeh* karya Yus Rusami, aya sawatara rékomendasi pikeun panalungtikan ngeunaan karya sastra ka hareupna, nyaéta:

- 1) pikeun panalungtik satuluyna dina widang sastra, dipiharep ku ayana ieu panalungtikan bisa jadi tatapakan sangkan bisa ngajembaran jeung ngeuyeuban paélman ngeunaan sastra, hususna tina jihat sawangan psikologi humanistik.
- 2) pikeun panalungtik satuluyuna bisa ngaguar ngagunakeun tiori séjén, hususna pikeun maluruh ngeunaan konflik batin.
- 3) pikeun masarakat umum, dipiharep bisa gawé bareng pikeun ngaronjatkeun sarta ngungkulan pasualan dina budaya literasi.